

Enstriksyon sou Preparasyon pou Koloskopi

Preparasyon De Jou

Dat randevou a:

Lè randevou a (tanpri vini 1 èdtan an avans):

Eleman ki sou lis kontwòl la:

Prevwa yon moun ki pou akonpanye w lakay ou aprè operasyon an

- Yon adilt ki responsab dwe akonpanye w lakay ou
- Si ou pa genyen yon moun ki pou akonpanye w, yo dwe anile operasyon w lan
- Si ou bezwen èd pou w jwenn yon moun ki pou akonpanye w, rele nan nimewo ki anba a

Konsilte Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo

- Si ou ap pran antikowagilan, medikaman pou dyabèt oswa medikaman GLP1 pou pèdi pwa, ou ka nan obligasyon pou w sispann pran yo oswa ajiste dòz la avan operasyon an

Ranpli yon preskripsyon pou yon preparasyon entestinal

- 2 kit preparasyon Golytely, oswa
- 1 kit preparasyon Golytely + 1 boutèy magnesium citrate (ou kapab achte l san preskripsyon)

Si ou bezwen anile oswa repwograme randevou ou an, tanpri rele **617-414-2600, opsyon 1**

Anplasan ak enfòmasyon kontak:

Moakley building 2nd floor (Suite 2200)
830 Harrison Avenue
Boston, MA 02118

pou planifikasyon randevou
Andoskopi:
617-414-2600, opsyon 1

pou sant enfimyè Andoskopi yo:
617-414-2420

Medsen jeneralis lannuit/wikenn:
617-638-7243

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Enstriksyon ak preparasyon pou rejim "3-2-1" an:

3 jou anvan randevou ou an:

- Kòmanse yon **rejim ki fèb an fib** (konsilte lis sa yo bay la)

2 jou avan:

- @ 8 PM: **bwè ½ boutèy (2 lit) laksatif ki disoud OSWA** 1 boutèy Magnesium citrate

1 jou avan:

- Kòmanse yon **rejim likid klè sèlman** (konsilte egzanp sa yo ki anba a)
- Konsilte **Enstriksyon sou Jesyon Medikaman yo** ankò
- @ 8 PM: **Bwè yon lòt ½ boutèy (2L) laksati ki disoud**

JOU OPERASYON an

- **Byen bonè nan maten: Bwè yon lòt ½ boutèy (2L) laksati ki disoud**
 - Bwè 1 tas chak 10-15 minit
 - Ou dwe fin bwè li *omwen 2 èdtan avan* randevou ou an
- **Ou dwe kontinye bwè likid ki klè jiska 2 èdtan avan randevou ou an**
- **Tanpri rive 1 èdtan anvan lè operasyon w lan**

Likid ki akseptab yo:

Dlo, soda klè, bwason pou spòtif

Ji *san ma*, Jell-O, ice pops

Kafe nwa oswa te *san lèt oswa krèm*

Bouyon klè (san grès oswa lwil)